Ассаламу гӀалайкум, казбекалъул жамагӀат!
ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 47 (93185) / 27 ноябрь 2017 с. / итни 9 Рабиг1ул-аввал 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## 26 ноябрь – День матери

# Поздравляем!

***Есть ли в мире что - либо трогательнее, сильнее, неистовее и нежнее, чем материнская любовь? Сколько бы не писали о ней, вряд ли можно передать всю глубину материнской любви. Любовь матери не подвластна ни времени, ни забвению.***

### Уважаемые матери!

От всего сердца поздравляем вас с Днём матери. Пусть ваши лица всегда будут озарены улыбками радости и счастья. Желаем вам здоровья, благополучия и мирного неба.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.МУСАЕВ.***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ.***

### От всей души поздравляю с Днем матери

Этот праздник полон душевной теплоты, ведь все мы поздравляем самых дорогих на земле людей - своих матерей.

Мать-проводник между Богом и людьми, благодаря ей все появляются на свет. Желаю всем матерям здоровья, счастья, мира и удачи во всём.

***Депутат НС РД М.-п.(К.-п.)Д. УМАХАНОВ.***

День матери… Он показывает насколько значимо истинное предназначение женщины. Матери- хранительницы уюта и тепла в доме, они заботятся о тех, кто с ним рядом, поддерживают и оберегают детей на протяжении всей жизни.

***Дорогие матери!***

Сердечно поздравляем вас с праздником -Днём матери. Желаем вам здоровья, счастья, мира и любви всех тех, кто рядом с вами.

***Секретарь политсовета Казбековского местного отделения ВПП «Единая Россия» Д.Г. МАХАЧЕВ.***
***Руководитель исполкома Казбековского отделения ВПП «Единая Россия» С.Г. АЛТУМИРЗАЕВ.***

Эбеллъи-гьит1инаб бах1арчилъи. **«Эбел»** абураб раг1улъ рихьизе бегьула-г1орхъи гьеч1ел -сабру, х1ереннлъи, х1алимлъи, рокьи ва г1акъиллъи.

***Х1урматиял улбул!***



Рак1-рак1алъ баркула нужеда эбелалъул Къо! Гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, талих1 ва гьабулебщиналъулъ кидагосеб бит1ккей.

***Харабазул Советалъул председатель М.Г1. ЧУПАЛАЕВ.***

***Рагъул ва зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Х.Г1. МУХ1АМАДХ1АБИБОВ.***

***Жамг1ияб Советалъул председатель Х1.А.АДИМИРЗАЕВ.***

# Рекъон х1алт1ани,..



Дагъал цере-г1ан къояз Мах1ачхъалаялда т1обит1ана, **«Россиялъул бусурбабазул рух1ияб ирс ц1игьаби»** абураб ц1аралда гъорь, г1елмиябгун практикаялъулаб конференция. Гьенив г1ахьаллъарав нилъер республикаялъул бет1ерасул ишал т1уралев Владимир Васильевас абуна:

- Дагъистаналъул буго бах1арчияб халкъ. Гьеб лъала Россиялъул нухмалъиялдаги. Дун ккола советияб заманалъул ва гьеб г1уц1иялъул тарбия щварав чи. Совет улка биххараб мехалда, ц1акъго зах1мат бук1ана халкъалъе. Г1емерлъана рикьалабиги. Гьеб заманалда халкъалъулгун г1аммаб мац1 батизе х1аракат бахъана бат1и-бат1иял диназул церехъабаз. Г1адамал гьезухъ г1енеккана. Жакъаги нилъ цадахъ рекъон х1алт1изе ккола. Гьелъ гурони лъик1алде рачунаро. Россиялъул х1укуматалъ жакъа к1удияб к1вар кьолеб буго Дагъистаналъул г1адамазул г1умру социалиябгун экономикияб рахъалъ цебет1еялде. Масала, арал соназде дандеккун, 2018 соналъул бюджет ц1ик1к1инабуна. Гьелда разилъана Федералияб Собраниялъул депутаталги. Амма нилъеца щибаб гъуршил жаваб кьезе ккола. Гьедин гьабулеб буго дидаги. Гьедин гьабизе буго хут1аразги. Цадахъ лъугьун, къеркьезе руго ришватчилъиялде дандеги. К1вар кьезе ккараб х1ал буго Мах1ачхъалаялда г1адамал раччулеб транспорталдеги. Г1емерисел микроавтобусал руго советияб заманалдаго рук1арал. Амма гьабсаг1аталда гьединал автобусал лъуг1изаризе бегьуларо, щайгурелъул, гьезда х1алт1улез жидерго хъизанал гьениса щвараб г1арцухъ хьихьун ругелъул. Гьелъулги пикру гьабизе ккола. Жакъа нилъ данделъун руго, цадахъ рекъон, х1алт1изе ккеялъул бицине. Заман щун буго Самуралъул рохьалда сверухъ бугеб ах1вал-х1ал роц1инабизеги. Рохьги ц1унизе, лъедалъун г1адамалги хьезаризе нухал ратизе ккола.

***«Х1акъикъат» (№45 17.11.2017с.) газеталдаса босараб.***

# Администрациялда

21 ноябралда районалъул администрациялда т1обит1ана аппаратлъул ирга-дулаб данделъи. Гьенире г1ахьаллъана – районалъул бет1ерасул заместителал: И.И. Шабазов, З.Н. Эмеев, росабазул бут1рул, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел ва цогидалги жавабиял х1алт1ухъаби.



Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияблъун бук1ана: **«Районалъул экономика цебе т1езабиялъе ва х1асилал лъик1лъизариялда цере ч1арал масъалаби»** абураб суал.

Гьеб суалалда т1асан къокъаб информация гьабуна райадминистрациялъул экономикаялъулгун планированиялъул ва г1уц1иялъул суалазул отделалъул начальник Д.З.Сайдулаевас.

Гьеб тадбиралъул хал гьабиялде росарал суалал рича-чвана ва гьаруна рекъон кколел х1укмаби.

***И.ИДРИСОВ.***

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# Профессионалияб рингалда...



Дагъал церег1ан къояз США-ялъул Кливленд шагьаралда т1обит1араб профессионалиял боксёразул 8 раундалъулаб къецалда,Колумбиялдаса боксёр Ханер Гонсалесида т1ад рак1ч1араб бергьенлъиги босун, чемпионлъун вахъана нилъер ракьцояв,Буртунаялдаса Раджаб Юсупович Бутаев.

Раджаб гьавуна 1993 соналъ Х1амзаюрт росулъа Юсуп ва Динайнат (Дина) Бутаевазул хъизаналда. Буртунай росдал гьоркьохъеб школаги лъуг1изабун, гьев ана Хасавюрт шагьаралъул педколледжалъул физкультураялъул отделениялде, хадусан гьес лъуг1изабуна гуманитарияб академиялъул юридическияб факультет. Жеги школалда ц1алулаго бокьулаан Раджабие спорт, хасго бокс.Халатаб буго гьес бокс х1аялъул рахъалъ росарал бергьенлъабазул сиях1.

Гьедин, щуго нухалъ гьев вахъана Дагъистаналъулгун Россиялъул чемпионлъун. Гьес бергьенлъи босана, г1олилазда гьоркьор т1орит1арал,Европаялъул къецазда, 2013 соналъ- Казаналъул риидалил Универсиадалда.

2015 соналъ (къец базе бегьулеб судействоялъулаб х1укмуялдаса хадуб) Раджабица къот1и -къай гьабуна Америкаялъул Fight Promotions кампаниягун ва гьев вахъана профессионалияв боксёрлъун. Гьабсаг1ат гьес яшав гьабулеб буго Америкаялъул Нью-Йорк шагьаралда. Р.Бутаев 7 нухалъ вахъана профессионалияб рингалде ва 6 нухалъ, нокауталдалъун, гьес бергьенлъиги босана.

Рак1-рак1алъ баркула Раджабида щварал бергьенлъаби. Гьарула гьесие щулияб сахлъи, рохел, талих1 ва профессионалияб спорталъулъ жеги т1адег1анал бергьенлъаби.

*Гьудул - гьалмагъзабазул къокъа*

# Балагьун бихьизин...

ГIемер бицуна гIолеб гIелалъе битIараб тарбия кьеялъул, гьезул ВатIаналде, гIадамазде рокьи бижизабиялъул ва, хIажалъи ккарабго, гьезие гIоло рухI кьезе хIадураблъун гьеб куцаялъул. Амма цого биценаздалъун иш тIубаларо. ЧIахIияз, жидерго лъикIал мисалаздалъун, гIумруялъулъ рукIине ккolел хьвада-чIвадиялъул къагIидаби рихьизарулел гьечIони, кинаб тарбия кьеялъул бицине бегьулеб?

Ахирисеб соназ цониги данделъи букIунареб батила нухазул, кьоязул, лъел, токил, газил ва цогидалги, гIадамазе гьечIого гIоларел, рахъазул бицунареб. Бицани щиб,хисулеб жо гьечIелдаса. Умумуз абухъе: **«Добго хурив-довго Муса».** Цересел соназ гIадамазул, техникаялъул къадар дагьаб букIана. Гьелъ, гьанже гIадин, **«бегIер»** цере чIарал суалал доб заманалда рукIинчIо ва гьадин букIинин ракIалде кколелги гIемер дандчIваларoан.

Гьоркьоса къотIичIого, нухаздасан хьвадулеб техникаялъул гIадамазе букIунеб квал-квал нилъ киназдаго лъала. Техникаялъ бахъинабураб хIуралъ, цIад бараб къоялъ рахъ-рахъалде речIулеб хIарщалъгун чорокльиялъ кьолеб зарал лъаларев чиги нилъеда гьоркьов ватиларо. Гьеб рахъалъ цIакъго квешаб ахIвал-хIал буго нижер ИчкIа росулъ. Гьенире щваразда рихьун ратила росдал аслияб къотIнор дандчIвалел квал-квалал.

Цо къоялъ, гьанжесеб заманалъул гIунгутIабазул пикрабалъе ккарав, дун унев вукIана тIадехун рехсараб къотIносан. Дида аскIосан къотIана, росулъ букIине бегьулареб хехлъиялда, кIудияб машина ва гьелда хадурго цо чанго тIадагьал машинаби. Циндаго дида рагIана цо сундаялиго рази гьечIеб лъимадул гьаракь.

Гьез бахъинабураб хIуралъ цоцазда чи вихьулеб хIал гьениб букIинчIо. Лъимералъ хIур ургьибе босизе биччангутIи мурадалда, эбелалъ гьелъул гьумер кIазил гIинщалъ бахчун бугоан, гьелда разилъичIеб лъимералъги гьаркьал гьарулел ругоан. Лъимер чIунгутIи бичIчIарай эбел гьоркьояб къотIноехун ана. Гьеб къотIнор яшав гьабулел гIадамаз гордо-нуцIа рагьизе, чураб ретIел-хьит бакъвазе базе бегьуларо, сахлъиялъе бугеб заралалъул бицинего бицинарин.

Республикаялъул роцада кIвар бугеб шагьранухалъул бутIалъун ккoлеб нижер гьеб къватIалде хъил тIeзe бицунелдаса гIемерал сонал руго, амма хисулеб жо щибниги гьечIо.

2 октябралда къватIибе биччараб «Чапар» газеталда (№39) бахъараб **«Администрациялда»** абураб макъалаялда хъван буго:

**«Гьединго, гьенив, нухазул бицун кIалъазе вахъана Дагъавтодоралъул хIалтIухъан Абакар Ражабович Ражабов. Жиндирго кIалъаялда гьес абуна 20I8 соналъ ИчкIа росдада жанисан унеб нухабе хъил тIезе буго»**,-ян.

ЧIахIиял гIадамазул аби буго: **«БачIина-гIагарда, ина-рикIкIада»**,-ян абураб. Балагьун бихьизин.

# Шаг1ир ва жамг1ияв х1аракатчи



Х1исаб гьабураб мехалъ, щибаб росулъ ратула жидерго ишалги нахъе тун, росдал жамаг1аталъул ишазде ц1икк1ун к1вар кьолел, к1вах1 гьеч1ел, лъик1ал г1адамал.

Гьединаздасан цоявлъун ккола Ичк1а росулъа шаг1ир Г1абдуразакъ Мух1амадов. Гьаб замаalда лъиениги бальгояб жо гуро, ц1игьабун г1уц1и байбихьаралдаса, жамг1иял т1адкъаял т1уралел чаг1и къанаг1ат гурони хут1ун гьеч1еблъи. Киназулго пикру г1арцудехун буссун буго, амма Мух1амадов гьелъие хисич1о ва гьес жакъаги жинда т1адкъарал ишал, рак1бац1ц1адго, т1урaзе х1аракат бахъула. Гьев цо чанго нухалъ мустах1икълъана районалъул идарабазул шапакъатазе. Г1. Мух1амадов ккола Россиялъул журналистазул Союзалъул ва районалъул Жамг1ияб палатаялъул член.

Гьесул куч1дул г1емер рахъула районалъул **«Чапар»** газеталда. Гьел руго ц1алулезда рич1ч1ине бигьаял ва маг1на бугел. Г1умрудул киналго рахъал жанире рачарал гьесул куч1дул гьираялда ц1алула поэзия бокьулез. Рак1алде ккола Мух1амадовас жиндирго ярагъ (перо) росу ва район цебет1еялда т1ад жеги къуваталда х1алт1изе гьабилин абун.

*Т.С. Х1АЖИЕВ, Ичк1а росу.*

# Лицеялда...

16 ноябралда Дилим росдал лицеялда тIобитIана, «Ниж -сахлъи цIуниялъул рахъ кколел» абураб цIаралда гъоркь», гургинаб стол. Гьенире гIахьаллъана 8 классазул цIалдохъаби.

Данделъи тIобитIиялъе квербакъана - тарбия кьеялъул рахъалъ директорасул заместитель Н.А МухIмадовалъ, социалияй мугIалим П.Р ХIамидовалъ, тарихалъул магIалим М.Ш Яндаевалъ.



Гьенире гIахьаллъана балугълъиялде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул инспектор М. Темирбулатова, ЦРБялъул врач- нарколог ХI.ЛатIитов, участковиял: Б. Юсупов ва Р.ГIалисултанов.

Тадбир тIобитIулезул аслияб мурадлъун букIана гIолеб гIелалъул жидерго сахлъи цIуниялде, киналго рахъаздасан церетIуралльун жалго лъугьинариялде пикру буссинаби.

ТIадехун рехсарал гьалмагъзабаз цIалдохъабазе бицана гьекъолел жалазул, тамахьо бухIиялъул, наркотикал хIалтIизариялъул бугеб заралалъул, сахлъи цIуниялъе гьаризе ккoлел тадбиразул.

Гьединго, цIалдохъабазда гьенир рихьизаруна батIи-батIиял видеороликал. «Наркомания-балагьазул иццъ», «Хвезабуге дурго къисмат» абурал цIаразда гъоркь, гьединалго тадбирал тIоритIана чIахIиял классазул цIалдохъабазда гьоркьорги.

*И.ИДРИСОВ.*

# Х1урматиял районцоял!

***Унеб буго 2018 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъаг1алие газета хъваялъул кампания. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтая-лъул отделениябазда. Багьа-263 гъур.***

***Нагагьлъун, щиб жо кколеб «Чапар» газета абураб суал нужер бакани, ц1але Харахьиса машгьурав шаг1ир Мах1муд - Апандица хъвараб гьаб кеч1.***



# ЧIахъа ги гьудул «Чапар»!

Ассаламу гIалайкум, Казбекалъул жамагIат,
ГIагараб газеталъул божарал гьудулзаби!
Босе урхъараб салам сахаватал гIадамал,
ГIунтIарал къварилъабаз къуркьизабичIеб уммат,
Нужеда киданиги квешаб хабар лъагеги,
ЛъикIлъиялъе гурони, нуцIида кIутIугеги,
ЦIа щивасул гьанситухъ гIасрабаца сунгеги,
Сахаб,талихIаб гIумру нужее насиблъаги!
Гьединаб саламги кьун, **«Чапар»,** дихъе бачIуна,
ЧIаголъиялъ къвал бараб рохел дие лъугьуна
Дица **«Чапар»,** газета цо хIухьлада цIалула,
ЦIакъабщинаб жоги лъан, лъалаго ракI цIилъула.
ЦIияб гIумру гIуцIизе дур бугеб гьира, **«Чапар»,**
Чияр ургъел гьабизе дур бугеб гьунар, **«Чапар»,**
Район цоял рехсезе дур бугеб къуват, **«Чапар»,**
Къадру бугел реццизе дур бугеб махщел, **«Чапар»,**.
МашаАллагь Казбекал киназего мисал -нуж,
Нужер рахъалъ хъвадарун, свакалареб гьаб **«Чапар»,**
Салатавиялъул цIар цIвабзазулъ хъвазе бокьун,
Макьугун, кIвахI кIочон тун, хIалтIулебги гьаб **«Чапар»,**.
**«Чапар»** цIалулел чIахъа, **«Чапар»,** бокьулел чIахъа!
Меседил хIарпаз хъвараб,**«Чапар»,** газета чIахъа!
Гьалъул хIалтIухъабиги мухбирзабиги чIахъа!
Гьалъий чIаголъи кьолел, лъикIалщиналги чIахъа.
ЧIаго вугогIан соназ дир гьудулги мун, **«Чапар»,**
Канлъи бугогIан къояз, дир гьоболги мун, **«Чапар»,**
Ургъел бикьулебги мун,рохел бицунебги мун,
Бокьулеб каламалъе каву рагьулебги мун.
Мун гьечIони дун гьечIо, дунялалъул кеп гьечIо,
ЧIаголъи дие кьолеб чIахъаги гьудул **«Чапар»,**!

***РЕДКОЛЛЕГИЯ.***

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ

7. 11. 2017 г. № 132 с. Дылым.

***О создании и работе телефонов «горячая линия».***

В целях обеспечения возможности принятия действенных мер по устным обращениям граждан, требующим оперативного реагирования, поступающим по телефонам «горячая линия», в соответствии Федеральным законом от 2 мая 2006 года № 59-ФЗ «О порядке рассмотрения обращений граждан Российской Федерации», Федеральным законом от 27.07.2006 года № 152-ФЗ «О персональных данных», администрации муниципального района

**ПОСТАНОВЛЯЕТ:**

1. Утвердить прилагаемое Положение о создании и работе телефонов «горячая линия» администрация муниципального района «Казбековский район» согласно приложению.

2. Определить телефоны «горячая линия» администрации муниципального района «Казбековский район»:55-48-76 и 55-48-74.

3. Опубликовать настоящее постановление в газете «Чапар» и разместить на официальном сайте администрации муниципального района «Казбековский район» в сети Интернет.

4. Контроль исполнения настоящего постановления возложить на управляющего делами администрации муниципального района «Казбековский район» Базаева А.П.

5. Постановление вступает в силу со дня его подписания.

***Глава Г. Г. МУСАЕВ.***

## *ПРОФИЛАКТИЧЕСКИЕ ПРИВИВКИ - ВАЖНАЯ МЕРА ПРЕДУПРЕЖДЕНИЯ ИНФЕКЦИОННЫХ ЗАБОЛЕВАНИЙ!*

Дети любого возраста, особенного раннего восприимчивы к инфекционным заболеваниям. Хотя медики научились лечить детские инфекции, основным в предупреждении заболеваний является создание у ребенка иммунитета (невосприимчивости) к той или иной инфекции посредством профилактических прививок или вакцинаций. Благодаря массовой вакцинации против оспы, эта особо опасная инфекция была ликвидирована во всем мире, а заболеваемость корью, полиомиелитом, коклюшем, дифтерией, благодаря прививкам резко снизилась.

Профилактические прививки проводятся по установленному графику. Если ребенок здоров, и противопоказания к вакцинации отсутствуют, прививка должна быть сделана своевременно. Противопоказания к проведению прививки может определить только врач.

Подавляющее большинство детей хорошо переносит прививку: у них сохраняются сон и аппетит, бодрое самочувствие. Однако родителям необходимо знать, что, несмотря на отсутствие видимых изменений в состоянии ребенка, в течение 2-3 недель после прививки в организме происходят важные процессы -все его силы направлены на выработку защиты от инфекции. В этот период дети более подвержены простудным и другим заболеваниям. Поэтому необходимо в это время тщательно соблюдать режим дня и питания, оберегать детей от контактов с больными, не посещать с ними многолюдные места.

В после прививочный период лучше не давать ребенку новых продуктов, особенно тех, которые могут вызвать обострение диатеза, что может ошибочно расценено родителями как реакция на проведенную прививку. Необходимо еще раз подчеркнуть, что прививки детям нужно делать только тогда, когда они практически здоровы. Это залог того, что после вакцинации выработается стойкий иммунитет и не будет осложнений. Ослабленные дети, а также дети, страдающие хроническими заболеваниями, наиболее тяжело переносят детские инфекции. Поэтому они обязательно должны быть привиты-, для чего составляются индивидуальные, «щадящие» графики прививок. При соблюдении всех этих правил вакцинации у детей протекает легко и дает хорошие результаты.

**Родители!** Профилактические прививки - надежное средство защиты от инфекционных заболеваний! Не отказываетесь от их проведения!

***Мадина ДАРБИЩЕВА, рай. педиатр.***

## *Прокуратура извещает…*

Прокуратурой района, в связи с поступившим обращением о нарушениях трудовых прав, в части невыплаты заработной платы работникам СПК «Дружба», проведена проверка.

В ходе проверки установлено, что руководством СПК «Дружба» допускаются нарушения трудового законодательства, в части выплаты заработной платы, в связи с чем, в отношении председателя СПК «Дружба» возбуждено дело об административном правонарушении, предусмотренном ч. 7 ст. 5.27 КоАП РФ, которое направлено в районный суд для рассмотрения по существу.

Кроме этого, в адрес председателя СПК «Дружба» внесено представление об устранении нарушений трудового законодательства.

***Прокурор района, старший советник юстиции***
***М.М.ХАЛИЛОВ.***

## *Рекомендации по использованию бытового газового оборудования*



Применяющиеся в быту горючие газы в 1,5 - 2 раза тяжелее воздуха, поэтому в случае утечки, они скапливаются в низких, плохо проветриваемых местах (подвалах, канализационных и водопроводных колодцах, выгребных ямах) и несут немалую опасность, а применяемый для сжигания в печах, бытовых плитах и других нагревательных приборах природный и сжиженный баллонный газ (обычно это пропан - бутановая смесь) способны образовывать с воздухом взрывоопасные смеси.

**Во избежание вредного воздействия бытового газа, необходимо выполнять следующие правила:**

не оставлять включенную плиту и не открывать газовые краны максимально; не пользоваться газовыми колонками и газифицированными печами с плохой тягой в дымоходе; не допускать включение и пользование газовыми приборами малолетними детьми и лицам, незнакомым с устройством газовых приборов; при нагревании на газовых плитах больших емкостей с широким дном необходимо пользоваться специальными конфорочными кольцами; после окончания пользования газовой плитой все краны на распределительном щитке плиты и кран на газовой подводящей трубе должны быть закрыты.

Во избежание несчастных случаев воспрещается:

открывать кран на газопроводе перед плитой, не проверив, закрыты ли все краны на распределительном щитке; снимать конфорку и ставить посуду непосредственно на горелку; стучать по кранам, горелкам и счетчикам твердыми предметами, а также поворачивать ручки кранов клещами или ключами; самостоятельно ремонтировать плиту или газопроводящие трубы; привязывать к газовым трубам, плите, крану веревки, вешать на них белье и другие вещи для просушки; при проверке показаний газового счетчика освещать циферблат свечой, зажженной спичкой; зажженные газовые приборы оставлять без присмотра, в том числе и на ночь; пользоваться газовой плитой и газовой колонкой для обогрева и тем более для отопления помещения не допускается.

Наряду с природным газом очень часто применяют сжиженный газ в баллонах. Значительная часть пожаров в жилых домах - следствие взрыва баллонов из-за недопустимого нагрева внутри него, при котором нарастает давление и происходит взрыв. Нередко к этому приводит попытка ликвидировать обледенение запорно- регулирующего устройства (в зимнее время), применение открытого огня.

**Во избежание пожаров и ВЗРЫВОВ от пользования сжиженным газом необходимо;**

газовые баллоны устанавливать внутри жилого помещения там, где установлены и газовые приборы (не более одного баллона вместимостью до 55 л. или не более 27 л. каждый), а также снаружи; запасные баллоны запрещается даже временно хранить в кухне, коридорах, проходах, на путях возможной эвакуации людей в случае пожара; неисправные газовые баллоны необходимо сдать в мастерскую, осуществлять ремонт своими силами категорически запрещается; газовый баллон должен быть расположен внутри дома на расстоянии 1 метра от плиты, не менее 1 метра от радиаторов отопления, не менее 2 метров от топочной дверцы печи;

**При обнаружении запаха газа в помещении необходимо:**

выключить конфорки газовой плиты, перекрыть кран на газопроводной трубе; не включать электричество, не зажигать спички и свечи, категорически запрещается входить в помещение с открытым огнем проветрить загазованное помещение и вызвать газовую службу по телефону «04»; если газ продолжает поступать, обязательно вывести из помещения людей, попросить соседей или самим вызвать аварийную службу.

**Единый телефон доверия ГУ МЧС России по РД: 8 (8722) 39-99-99.**

***Отдел НД и ПР 8 по г. Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по РД.***

(*Начало на № 43 - 44*).

# УГОЛОВНЫЙ КОДЕКС РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ ПРЕСТУПЛЕНИЯ КОРРУПЦИННОЙ НАПРАВЛЕННОСТИ

**Статья 285.1. Нецелевое расходование бюджетных средств**

1. Расходование бюджетных средств должностным лицом получателя бюджетных средств на цели, не соответствующие условиям их получения, определенным утвержденными бюджетом, бюджетной росписью, уведомлением о бюджетных ассигнованиях, сметой доходов и расходов либо иным документом, являющимся основанием для получения бюджетных средств, совершенное в крупном размере, -наказывается штрафом в размере от ста тысяч до трехсот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от одного года до двух лет, либо принудительными работами на срок до двух лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового, либо арестом на срок до шести месяцев, либо лишением свободы на срок до двух лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового.

2. То же деяние, совершенное:

а) группой лиц по предварительному сговору;

б) в особо крупном размере, -наказывается штрафом в размере от двухсот тысяч до пятисот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от одного года до трех лет, либо принудительными работами на срок до пяти лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового, либо лишением свободы на срок до пяти лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового.

Примечание. Крупным размером в настоящей статье, а также в статье 285.2 настоящего Кодекса признается сумма бюджетных средств, превышающая один миллион пятьсот тысяч рублей, а особо крупным размером - семь миллионов пятьсот тысяч рублей.

**Статья 285.2. Нецелевое расходование средств государственных внебюджетных фондов**

1. Расходование средств государственных внебюджетных фондов должностным лицом на цели, не соответствующие условиям, определенным законодатель-ством Российской Федерации, регулирующим их деятельность, и бюджетам указанных фондов, совершенное в крупном размере, -наказывается штрафом в размере от ста тысяч до трехсот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от одного года до двух лет, либо принудительными работами на срок до двух лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового, либо арестом на срок до шести месяцев, либо лишением свободы на срок до двух лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового.

2. То же деяние, совершенное:

а) группой лиц по предварительному сговору;

б) в особо крупном размере, -наказывается штрафом в размере от двухсот тысяч до пятисот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от одного года до трех лет, либо принудительными работами на срок до пяти лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового, либо лишением свободы на срок до пяти лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового.

**Статья 285.3. Внесение в единые государственные реестры заведомо недостоверных сведений**

1. Умышленное внесение должностным лицом в один из единых государственных реестров, предусмотренных законодательством Российской Федерации, заведомо недостоверных сведений, а равно умышленное уничтожение или подлог документов, на основании которых были внесены запись или изменение в указанные единые государственные реестры, если обязательное хранение этих документов предусмотрено законодательством Российской Федерации, -наказываются штрафом в размере до восьмидесяти тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период до шести месяцев, либо лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до пяти лет, либо принудительными работами на срок до четырех лет, либо лишением свободы на тот же срок.

2. Те же деяния, совершенные группой лиц по предварительному сговору, -наказываются штрафом в размере до пятисот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от одного года до трех лет, либо принудительными работами на срок до пяти лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового, либо лишением свободы на срок до шести лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок от шести месяцев до трех лет.

3. Деяния, предусмотренные частями первой или второй настоящей статьи, повлекшие тяжкие последствия, -наказываются лишением свободы на срок до десяти лет.

**Статья 286. Превышение должностных полномочий**

1. Совершение должностным лицом действий, явно выходящих за пределы его полномочий и повлекших существенное нарушение прав и законных интересов граждан или организаций либо охраняемых законом интересов общества или государства, -наказывается штрафом в размере до восьмидесяти тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период до шести месяцев, либо лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до пяти лет, либо принудительными работами на срок до четырех лет, либо арестом на срок от четырех до шести месяцев, либо лишением свободы на срок до четырех лет.

2. То же деяние, совершенное лицом, занимающим государственную должность Российской Федерации или государственную должность субъекта Российской Федерации, а равно главой органа местного самоуправления, -наказывается штрафом в размере от ста тысяч до трехсот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от одного года до двух лет, либо принудительными работами на срок до пяти лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового, либо лишением свободы на срок до семи лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового.

3. Деяния, предусмотренные частями первой или второй настоящей статьи, если они совершены:

а) с применением насилия или с угрозой его применения;

б) с применением оружия или специальных средств;

в) с причинением тяжких последствий, -

наказываются лишением свободы на срок от трех до десяти лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет.

**Статья 290. Получение взятки**

1. Получение должностным лицом, иностранным должностным лицом либо должностным лицом публичной международной организации лично или через посредника взятки в виде денег, ценных бумаг, иного имущества либо в виде незаконных оказания ему услуг имущественного характера, предоставления иных имущественных прав (в том числе когда взятка по указанию должностного лица передается иному физическому или юридическому лицу) за совершение действий (бездействие) в пользу взяткодателя или представляемых им лиц, если указанные действия (бездействие) входят в служебные полномочия должностного лица либо если оно в силу должностного положения может способствовать указанным действиям (бездействию), а равно за общее покровительство или попустительство по службе -наказывается штрафом в размере до одного миллиона рублей, или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период до двух лет, или в размере от десятикратной до пятидесятикратной суммы взятки с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет, либо исправительными работами на срок от одного года до двух лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет, либо принудительными работами на срок до пяти лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет, либо лишением свободы на срок до трех лет со штрафом в размере от десятикратной до двадцатикратной суммы взятки или без такового.

2. Получение должностным лицом, иностранным должностным лицом либо должностным лицом публичной международной организации взятки в значительном размере -наказывается штрафом в размере от двухсот тысяч до одного миллиона пятисот тысяч рублей, или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от шести месяцев до двух лет, или в размере от тридцатикратной до шестидесятикратной суммы взятки с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет либо лишением свободы на срок до шести лет со штрафом в размере до тридцатикратной суммы взятки или без такового и с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового.

3. Получение должностным лицом, иностранным должностным лицом либо должностным лицом публичной международной организации взятки за незаконные действия (бездействие) -наказывается штрафом в размере от пятисот тысяч до двух миллионов рублей, или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от шести месяцев до двух лет, или в размере от сорокакратной до семидесятикратной суммы взятки с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до пяти лет либо лишением свободы на срок от трех до восьми лет со штрафом в размере до сорокакратной суммы взятки или без такового и с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до пяти лет или без такового.

4. Деяния, предусмотренные частями первой - третьей настоящей статьи, совершенные лицом, занимающим государственную должность Российской Федерации или государственную должность субъекта Российской Федерации, а равно главой органа местного самоуправления, -наказываются штрафом в размере от одного миллиона до трех миллионов рублей, или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от одного года до трех лет, или в размере от шестидесятикратной до восьмидесятикратной суммы взятки с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до семи лет либо лишением свободы на срок от пяти до десяти лет со штрафом в размере до пятидесятикратной суммы взятки или без такового и с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до семи лет или без такового.

5. Деяния, предусмотренные частями первой, третьей, четвертой настоящей статьи, если они совершены:

а) группой лиц по предварительному сговору или организованной группой;

б) с вымогательством взятки;

в) в крупном размере, -наказываются штрафом в размере от двух миллионов до четырех миллионов рублей, или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от двух до четырех лет, или в размере от семидесятикратной до девяностократной суммы взятки с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до десяти лет либо лишением свободы на срок от семи до двенадцати лет со штрафом в размере до шестидесятикратной суммы взятки или без такового и с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до десяти лет или без такового.

6. Деяния, предусмотренные частями первой, третьей, четвертой, пунктами «а» и «б» части пятой настоящей статьи, совершенные в особо крупном размере, -

наказываются штрафом в размере от трех миллионов до пяти миллионов рублей, или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от трех до пяти лет, или в размере от восьмидесятикратной до стократной суммы взятки с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до пятнадцати лет либо лишением свободы на срок от восьми до пятнадцати лет со штрафом в размере до семидесятикратной суммы взятки или без такового и с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до пятнадцати лет или без такового.

**Примечания.** 1. Значительным размером взятки в настоящей статье, статьях 291 и 291.1настоящего Кодекса признаются сумма денег, стоимость ценных бумаг, иного имущества, услуг имущественного характера, иных имущественных прав, превышающие двадцать пять тысяч рублей, крупным размером взятки - превышающие сто пятьдесят тысяч рублей, особо крупным размером взятки - превышающие один миллион рублей.

2. Под иностранным должностным лицом в настоящей статье, статьях 291, 291.1 и 304 настоящего Кодекса понимается любое назначаемое или избираемое лицо, занимающее какую-либо должность в законодательном, исполнительном, административном или судебном органе иностранного государства, и любое лицо, выполняющее какую-либо публичную функцию для иностранного государства, в том числе для публичного ведомства или публичного предприятия; под должностным лицом публичной международной организации понимается международный гражданский служащий или любое лицо, которое уполномочено такой организацией действовать от ее имени.

***Г.Б. ГАЙИРБИЕВ, помощник главы района.***

*ГІумрудал тарих*

## ЦІадаса ХІамзатил-120 сон!



Гьал къоязда Дагъистан Республикаялда кІодо гьабулеб буго халкъияв шагІир, машгьурав хъвадарухъан, магІарул халкъалъул чІухІи ЦІадаса ХІамзат гьавуралдаса 120 сон тІубаялъул юбилей.

## *Канализация гьабуна*



Цебегоялдаса нижер Гертма росдал гІадамазул рахІат хвезабулеб букІана цо-цо гІадамазул азбара- хъан, бокьахъан нухабе чваххулеб чороклъиялъ. Гьеб суал рукІалиде кколеб буго. Росдал администрациялъул, СПКялъе нухмалъулев А-хІажи Мусаевасул кумекалдалъун, росдал кІиго аслияллъун кколел къватІазда гьабуна канализация. Гьенир лъезе росана трубаби ва кольцаби, тІаде хІажалъарал ритІун рачІана Халкъияб Собраниялъул депутат М-паша ГІумахановасги.

Гьеб хІалтІи гьабиялъулъ мисал бихьизабуна А. Темиркъаевас (жиндирго техникагун), Б. АсхІабовас, И.Байбулатовалъ, У. Султанбеговалъ, Г. Юнусовалъ, А. Чаландаровас, А. Юнусовас, З. ХІажихІмаевалъ ва гІемерал цогидазги.

Росдал жамагІаталъ ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабулеб буго гьезие гІарцудалъун кумек гьабурав ХІ. Мусаевасе ва хІажаталъе кумек гьабурав М.-п. (К.-п.) ГІумахановасе.

*С-м. САГИТМУХІАМАДОВ, Гертма росу.*

# Мисалияв хІалтІухъан

Гьедин абизе бегьула районалъул газалъул магІишаталда мастерлъун хІалтІулев вугев Абакаров ИсхІанпаша Эмеевичасул хІакъалъулъ.



ИсхІанпаша гьавуна 1952 соналъ Дилим росулъ Эме ва Хадижат Абакаровазул хъизаналда. 1970 соналъ росдал гьоркьохъеб школаги лъугІизабун, гьев ана Хасавюрталъул росдал магІишаталъул техникумалде. Кив хІалтІизе кканиги, тІаде босараб хІалтІи гьес гьабулаан ракІ бацІцІадго, заманалда ва бадибчІвай гьабулареб хІалалда. Цадахъ хІалтІулезул, (газалъул, магІишаталда гьев хІалтІулев вуго 1993 соналдаса) ИсхІанпашагун дандчІваразул рагІабазда рекъон, гьезда гьев лъала гара-чІвариялъулъ махсаро хочІ, кицаби, абиял хІалтІизарулевлъун, чІахІиялгун ва гІисиналгун хабар рекъезабизе бажарулевлъун ва кьучІаб рагІул бетІергьанчилъун. РакІбацІцІад гьабураб хІалтІухъ ИсхІанпаша мустахІикълъана «**ЗахІматалъул ветеран**» абураб цІаралъе, гьесул руго гІемерал Баркалаялъул кагътал, ХІурматалъул грамотаби, гьединго, гьесие щвана гІарцулал шапакъатал.

2012 соналъ И. Абакаровас тІубазабуна исламалъул щуабилеб рукну-хІаж борхиги. Цо нухалъ ккараб гара - чІвариялда гьес абуна: «**ГІадамазе бажарараб кумек гьаби, гьезул хъулухъ тІубай дица рикІкІуна дида тІадаб ишлъун**»,-ан.

Эркенаб заман ИсхІанпашаца кьола магІишат гьабиялъе, гІи-боцІи гІезабиялъе ва гьезие хъулухъ гьабиялъе. ИсхІанпашаца ва лъади Сайгибатица гІезаруна ва гІумрудул нухда тІоритІана кІиго васги цо ясги.

*И. ИДРИСОВ.*

# *Киназего камуна*

«**Салатавиялъул булбул**»,-ан жинда цІар тарай, Дагъистан Республикаялъул культураялъул мустахІикъай хІалтІухъан Марижат ГІабдуагІазизова гІумруялдаса ятІалъиялъ рекІелъе пашманлъи рещтІинабичІел чагІи, районалда ва гьеб тун къватІирехун, ратилин абун дида ракІалде кколаро. Гьелъие нугІлъи гьабула «**Чапар**» газеталда рахъарал, батІи-батІиял бакІаздаса гІадамаз зигара баян хъварал кучІдузги макъалабазги.

МугІрузул иццазул лъим гІадин бацІцІадаб ва гьелъул чвахигІан рагІине бокьулеб Марижатил гьаракь даималъ хутІила нилъер ракІазулъ. ЦІар рагІарай кочІохъан гурейги, Марижат йикІана бажари бугей гІуцІарухъан ва гьунар тІокІай шагІир. Гьелъ хъвана «**РухІияб асарги рекІел хІасратги**» ва «**Даимаб их нужей, хириял лъимал**» абурал тІахьал.

ГІабасил МухІамадица гьелъул хІакъалъулъ хъвана: «**Гьей йикІун йиго, цохІо кочІохъан гурейги, унго-унгояй шагІирги назмабазулгун мавлидазул устарги**»,-ян.

Дагьал церегІан соназ ГІиса Шарабудиновас гьелъие сайгъат гьаруна гьал рагІаби:

*Зодихъе хІасратай хІурулгІин гІадин,*
*«АхІул гохІ» ахІулей, Марижат-бика.*
*Мун йикІарай анищ АхІулгохІида,*
*АхІи бан, халкъалъе хитІаб гьабизе.*

МагІарул яхІ-намус, къадру-къимат цІунарай, гьел рорхатго ккурай, гІумрудул согІал сухъмахъал, угьдичІого, нахъа тарай Марижатица магІарул культураялъулъ тана тІагІин гьечІеб лъалкІ. Гьелъ хъвана:

*-Дица кечІ ахІула дир ВатІаналде,*
*Дирго тІалъиялде,тІолго халкъалде,*
*Хирияб, бокьулеб дир миллаталъул*
*БахІарчилъи, къимат, къадруги борцун.*

Гьел мухъаз бицуна кигІаналъ гьелъие рокьулел рукІарал-ВатІан, жий йижараб ракь ва жиндирго миллат. Аллагьас жиндие кьураб махщел Марижатица хІалтІизабуна районалъулгун республикаялъул культура цебетІезабиялъе,нилъер гІадамазул бахІарчилъи,яхІ-намус,гьобол хиралъи рагІинариялъе. Полеб гІелалъги босила Марижатица нахъе тарал шигІрабаздаса пайда. Дицаги абила районалъул культураялъул Централъе Марижат ГІабдулгІазизовалъул цІар кьезе мустахІикъайги йикІанин.

*Ш. ЯНДАЕВ, Дилим росу.*

*Инсан ва гІумру*

# *Нахул чирахъ буго бухІун лъугІунеб...*

*ГІажаибго бижараб жо буго гьаб дуниял,*
*Дуе лъимал рокьулеб,лъимал дуде регІичІеб.*
*ГурхІел щай эбелалъе лъимгІан гІемераб къураб?*
*Ургъел щайдай инсуе иццгІан къунареб къураб?*



ГІадамазул рекІел хІал бихьун, гІумру бичІчІун, хъварал МахІмуд-Афандил гьел рагІаби ракІалде рачІана дида, Хамиз-адалгун букІараб дандчІваялда. Гьелъ хІаракат бахъулеб букІана жиндирго ургъел, къварилъи бахчизе. Амма дие гьеб кинабго рагьулеб букІана, магІил цІурал, нур сунел гьелъул бераз.

«**Эбелалъул къоялде дур хІакъалъулъ хъвазе бокьилаанин дица абидал, гьей разилъичІо. Бицине гІанасеб лъикІаб жо гІумруялъулъ букІинчІо, дир яс. Дун хІакимчІужуги гуро, хІалалаб, бацІцІадаб ризкъи гурони, батІияб тІалабги гьабичІо**»,-ян абуна гьелъ. Хамиз-адалгун хабар халалъана, гьуинлъана, дагь-дагьккун, гьелъул ракІ рагьана. Пал-хІасил, гІемерал соназ хІалтІизабун чІалгІараб, пайда кьеялдаса араб тІагІелалда релълъун йикІана гьей. Циндаго дир пикру буссана Хамиз-адал гьитІинабго столалда бугеб,бащдаб бухІун хутІараб, нахул чирахъалде.Щибаб жоялъул букІуна жиндирго лъугьабахъиналъе гІилла. Гьанир рехсечІого гІоларо Ф. ГІалиевалъул гьал мухъал:

*Нахул чирахъ буго бухІун лъугІунеб,*
*ГІодор тІинкІун унел руго тІираби.*
*Дир гІумрудул къоял ругин ккола гьел,*
*ГІумру бокьиялъул цІаялъ рухІулел.*

Ахирги, сабру гьабизе кІвечІей дица Хамиз-адада абуна: «**Гьадин рехон мунги тун, чІезе кин кІолеб ясазда? Щвезе-гІаги рачІунарищ гьел?**»-ан. Гьей дагьалъ хІал хисун лъугьана. Дида бичІчІана гьел суалал гьелъул рекІее гІечІеллъи. «**Щибха гьабилеб гьезги. Цонигиялъе ригьинги битІичІо. Росулъ гьезие хІалтІиги гьечІо. Ризкъи гьезие къватІиб хъван батаниги ракь-батугеги.Аллагьасде аманат гьарун танаха**»,-ян абуна гьелъ.

ГІумруялъул къоял ахиралде ракІарарай гьелъ ясазда гІайиб гьабичІо. ГурхІелалъул цІураб, сабруялъ ккураб рекІел щулалъиялъ чІаголъиги кьун йигоан Хамиз-ада. Циндаго телефоналъул гьаракь бахъана, гьелъул рохалие гІорхъи букІинчІо. Эбелалде яс кІалъалей йикІана. «**Дун лъикІ йиго, дир ургъел гьабуге, мунго цІуне. ГІарацищ? ЯчІаха босизе»,-ян абуна гьелъ ясалде.**

«**ХІежалде ине бокьун букІана, амма сахлъи гьечІолъиялъ хутІана. Гьелъие цІунараб гІарацги ясазе даран-базаралъе кьезе ккана**»,-ян абуна Хамиз-адаца дида.

Хамиз-ада йиго бесдаллъуда хутІарай ва гьитІинго захІмат бихьарай гІадан. Гьелъул рос цудунго хвана. Гьелъ колхозги жиндирго магІишатги цадахъ рачана. «**Хасало цІулал магьихъеги ана, риидал, харил магьалги раччун, хІайваналги хьихьана. Ракьул хІапаро гІадин, гІумруялъ ракь хьирщулей йикІана. Дица галиги лъечІеб, дир гІетІги тІинкІичІеб бакІ гьечІо Салатавиялъул ракьалда.**

**Доб заманалда, гьава-бакъалъухъ балагьичІого, гьийинкьоязул къадар гІезабизе кколаан. Цере къотІун рачунаан ниж бригадирас хІалтІуде. Доб букІана закон къвараараб заман**»,- ан лъугІизабуна Хамиз-адаца жиндирго пашманаб хабар.

**Цо-цо ккун хІинкъадго хІетІеги бахъун,**
**ХІокІал рикІкІун гьоркье лъугьуней гІадин,**
**Унеб йиго эбел гІумруялдаса,**
**ГІодое йиччараб сабруги цІунун.**

*ХІ. КАРИМОВА.*

*(Байбихьи 35,36,37,38, 39, 40, 41,42,43,44,45,46 номеразда)*

# Щивго к1очон гьеч1о,..

## ХIурматиял районцоял!

***«ВатIаналъул солдатал», «РакIалдещвеял» тIахьазда рехсон руго, 1938 -1945 соназ БагIараб Армиялдеги ун, гьенир ВатIанияб рагъда гIахьаллъа-разул цIарал.Гьезул къадар бащалъулеб буго 1600 чиясда.***

***Ахириял соназ, Калининаулалдаса ХIажимухIамад ХIажимухIамадовас, Динуч Динаевас, Гертмаялдаса МухIамад Дадаевас,Дилималдаса МухIама-дапанди Дадаевас, Ленинаулалдаса Минсултан ХIажимурадовас, Буртунаял-даса Мухтар Чупалаевас архиваздасан ралагьарал баяназда рекъон, жакъа къоялде гьезул къадар 2700-ялдасаги цIик1к1унеб буго.***

***Гьединлъидал, районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул хIукмуялда рекъон, гIуцIараб хасаб комиссиялъул пикру ккун буго ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразул цIарал цIидасан газеталъул гьурмазда рахъизе ва, нужер кумекалдалъун, гьенир ругел хиса- басиялги рукIалиде ккезаризе.***

***Цересел газетазул номеразда нижеца рехсана нилъер районалъул Дили-малдаса, Гъозталаялдаса, Гертмаялдаса, Гуниялдаса, Хубаралдаса, Ичк1аял-даса, Юрт-аухалдаса(Калининаул), Ахташ-аухалдаса (Ленинаул), Ц1обокьа, Иххаса, Буртунаялдаса (бут1а) рагъде аразул цIарал, хадусел номеразда рехсезе руго цогидал росабалъа гьенире гIахьаллъаразул цIаралги.***

**Буртунай**

394. Габиев Абдулатип Дадаевич - 1923г.
395. Гаджиев Курбан – 1900г.
396. Гаджиев Султанали – 1919г.
397. Исагаджиев Магомед –
398. Курахмаев Герей – 1908г.
399. Магомедов Саид – 1900г.
400. Устарханов Темирсултан – 1921г.
401. Умаров Усман –
402. Шамхалов Абдула – 1912г.
403. Шамхалов Амла – 1909г.

**Миатли**

1. Абакаров Муса – 1903г.
2. Абдулаев Багаутдин – 1915г.
3. Айдемиров Шарабдин – 1910г.
4. Алибеков Гасан – 1915г.
5. Алиев Абдурахман – 1915г.
6. Бисултанов Амирали – 1908г.
7. Болодиев (БОЛОЦИЛАЕВ) Шигабудин – 1901г.
8. Булатов Гаджи – 1918г.
9. Булатов Булат (Хаджи) - 1976г.
10. Булачев Асабали - 1910
11. Гаджиев Абулайсен – 1911г.(1912)
12. Гаджиев Гелани – 1924г.
13. Газиев Абдулвагаб – 1909г.
14. Газихмаев Анварбек – 1910 г.
15. Гамзатов Магомед – 1902г.
16. Гамидов Ризмангаджи – 1919г.
17. Гасанов Расул – 1917г.
18. Гимбатов (Гамзатов) Абдулазим – 1913г.
19. Дадаев Патах – 1908г.
20. Джамбулатов Ахмедзиявдин -1912г.
21. Ибиев Джантимир – 1915г.
22. Ибрагимов Гамбулат – 1921г.
23. Исланов Идакил Умар – 1906г.
24. Камалдинов Рашидхан – 1919г.
25. Лабазанов Бекмирза – 1900г. (1908)
26. Магомедов Абакар – 1919г.
27. Магомедов Асаали – 1912г.
28. Муртазалиев Расул – 1921г.
29. Мусаев Абдулхаким – 1911г.
30. Мусаев Анварбег – 1914г.
31. Мухуев Абусупян – 1900г.
32. Омаров Гаджи – 1903г.
33. Расулов Хаким – 1914г.
34. Расулов Гусейн – 1924г.
35. Угуев Камиль – 1908г.
36. Угуев Хасбулат – 1908г.
37. Умаров Гаджи – 1900г.
38. Уцумиев Ибрагим – 1907г.
39. Уцумиев Расул – 1914г.
40. Хасаев Алиапанди – 1914г.(1920)
41. Хасаев Алинчи – 1910г.
42. Шахбанов Джамалдин – 1910г.
43. Шахбулатов Умар – 1912г.
44. Шахвалиев Сайпула – 1920г.
45. Шихвалинов М-расул – 1925г.
46. Шихвалинв Расул – 1925г.
47. Шихамедов Иманшарип – 1912г.
48. Шихамедов Маккашарип – 1912 (1917)г.г.
49. Эльдарханов Сайгитмагомед(Аги) – 1900г.
50. Юнусов Гамзат – 1902 (1903)г.
51. Балодиев Габудин -1901г.
52. Абакаров Госен (Мусен) - 1903г.
53. Мухиев Абухурьян 1905г.
54. Мусаев Госен - 1912г.
55. Усманов Ансарияв - 1913 г.
56. Узайриев Магомедзагир - 1918г.
57. Гасанов Ибрагим - 1923г.

*Архивалдаса*

## *Конференциялде делегация*

1986 соналъ Мах1ачхъалаялда т1обит1араб XXXIV областалъулаб партконференциялде нилъер районалдаса рищарал делегатал.



**Квег1иса кваранираде:**

1. Жамалдинов Гьанкалав – механизатор, Буртунай росу
2. Ярагъиев Зайналг1абид – райкомалъул II-секретарь, Ленинаул росу
3. Г1умаханов Пайзула – механизатор, Хубар росу
4. Майкова Забият – доярка, Ленинаул росу
5. Х1амзатова Х1абизат – партиялъул райкомалъул I-секретарь
6. Мух1удинова Г1айшат – доярка, Дилим росу
7. Г1абдулмуслимов Мух1у – райисполкомалъул председатель

Спорт - инсанасул сахлъи

# *Мини футбол*

I8 ноябралда, Идрисов Каримудинил призалъе гIоло, **«Медресе-Арена»** байданалда тIобитIана мини футболалъул чемпионат. Районалъул росабалъа I6 команда гIахьаллъараб чемпионаталъул хIурматиял гьалбаллъун рукIана-футбол хIалялъул ветеран Ибрагьим Идрисов, рагъулаб самбоялъул дунялалъулго чемпион Арсен Мутачев ва цогидалги.



Чемпионат тIобитIана олимпиадабазул къагIидаялда. Киналниги гьенире гIахьаллъарал командабаз бихьизабуна лъикIаб хIай, хасго гьеб бихьулеб бук1ана М.М. ГIазаевасул цIаралда бугеб МДЮСШялъул гIолохъанаб командаялъул х1аял\ улъ.

ХIалуцарал хIаяздаса хадур, финалалде ана Ленинаул росдал **«Сокол»** ва Дилималдаса **«ФК Дылым»** командаби. Гьениб бергьенлъи босана **«Сокол»** командаялъ ва гьеб бахъана чемпионлъун.

Лъабабилеб бакIалъе гIоло дандчIвана **«Хизбала»** (Дылым) ва **«Гертма»** командаби. Гьеб дандчIваялда бергьана «Хизбала» команда. Чемпионаталда бищун лъикI хIараллъун рикIкIана -Адуев МухIамад,Адам Жамалдинов (Ленинаул), Азаев Аза, Насрудинов МухIамад ва Шамиль СагIидов (Дилим).

Призалъулал бакIал ккуразе гьенир кьуна-кубокал, медалал, грамотаби ва гIарцулал шапакъатал. Гьединго, Каримудин Идрисовас, къиматаб сайгъаталдалъун, кIодо гьавуна районалъул спорталъул ветеран Шамиль МухIамадов. Гъозтала росдал бетIер Абакар Абакаровасги,жиндирго рахъалдасан, призал кьуна бищунго лъикI хIаразе.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьобккун, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе гьеб спортивияб байрам гIуцIарав Идрисов Каримудин Эсенаевичасе.

***И. БУЛАТХАНОВ.***

**Местная общественная приемная в МР «Казбековский район» с. Дылым**
**График приема граждан Казбековским местным отделением общественной приемной ВПП»Единая Россия» с 27ноября по 3 декабря 2017 года.**

**(Согласовано с И.И. Шабазовым)**

| № П.п | День приема | Время Приема и место пров. | Фамилия имя отчест. Лица осуществл.прие | Занимаемая должность |
|---|---|---|---|---|
| 1. | 30.11.2017г | 10.00 в общ. прием. | Мусаев Г.Г. | Глава МР «Казбековский район» |
| 2. | 29.11.2017г | 10.00 в общ. прием. | Гирисханов Г.М. | Председатель Райсобрания |
| 3. | 27.11.2017г | 10.00 в адм. села | Гаджиев Г.С. | Глава СП «с.Калининаул» |
| 4. | 28.11.2017г. | 10.00 в общ. прием. | Магомедхабибов Х.И. | Рук. фракции в райсобрании Председатель Совета ветеранов |
| 5. | 01.12.2017г. | 10.00 в общ. прием. | Чупалаев М.А. | Член местного Политсовета Председ.Совета старейшин |
| б. | 29.11.2017г. | 10.00 в кабинете райадмин. | Змеев З.Н. | Член местного политсовета Заместитель главы МР «Казбековский район» |

Районалъе нухмалъулез, харабазул Советалъул, Жамг1ияб палатаялъул, рагъул ва зах1маталъул ветераназул Советалъул, «Цогояб Россия» партиялъул бак1алда бугеб отделениялъул исполкомалъул членаз зигара балеб буго Гуни росулъа Дадаев Шахсултанида, Алмахъалдаса Мух1амадов Израг1илида, Салаев Салада ва гьезул г1агарлъиялда, нагагьаб балагьалдалъун, васал:

**Адилсултан, Мух1амад, Камалодин**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Базаев Г1адукас, мадугьалзабаз, гьудул-гьалмагъзабаз ва т1олабго Гуни росдал жамаг1аталъ гъваридаб пашманлъи загьир гьабулеб буго Дадаев Шахсултанида ва т1олабго г1агарлъиялда, вас

**Адилсултан**

г1умруялдаса ват1алъиялда бан.

*БетIерав редактор:* *Мухтар Чупалаев* *тел: 55-48-94* *Жавабияв секретарь:* *Мух1амад-Шарип Г1абдулашимов* *тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:* *ХIалимат Каримова,* *Ибрагьим Идрисов,* *Сапият Султанмух1амадова* *Фотомухбир:* *Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева* *Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб Г1абдулмуслимова.* *Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"* *Редакциялъул адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141* *Индекс: 51354* *Заказ №179 Тираж 1350*

*Газета зарегистрирована в Управлении ФСН по РД 19.05.2014 г. ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*